

# REKOMANDASYON

## REKÒMANDASYON SOU ENKLIZYON SOSYETE CIVIL LA NAN APLIKASYON DEKLARASYON LOS ANGELES SOU MIGRASYON AK PWOTEKSYON.

JEN 2024

### SEKRETARYA TEKNIK

1. Kreye yon sekretarya teknik pou kowòdone ak aplike Deklarasyon Los Angeles anvan fen 2024. Sekretarya sa a dwe genyen òganizasyon nan sosyete sivil (OSC) la nan konsepsyon ak estrikti fòmèl li.

### REYINYON WO NIVO

2. Garanti bonjan patisipasyon OSC yo, inivèsite yo ak gwoup ki dirije pa refijye ak migran nan tout reyinyon wo nivo Deklarasyon Los Angeles la.

- o Kreye yon pwosesis enskripsyon piblik pou patisipasyon OSC yo, ak kritè seleksyon ak mekanis transparan.
- o Asire patisipasyon founisè sèvis yo, osi byen ke òganizasyon ki nan rechèch ak defans nan nivo lokal, nasyonal ak rejyonal, patikilyèman òganizasyon ki dirije pa endijèn, refijye, migran ak moun afwo-desandan ki ka bay ekspètiz teknik epi reprezante popilasyon ki afekte yo.

### PILYE

3. Reyaktive Pilye IV, ki konsantre sou ankouraje yon repons dijans kowòdone devan kriz yo epi ki pa te gen okenn angajman depi lansman Deklarasyon Los Angeles.

### KOMITE PAKÈ MEZI YO

4. Nonmen yon reprezantan sosyete sivil deziye pou chak pakè mezi pou asire enklizyon ak reprezantasyon.

- o Pataje non ak enfòmasyon kontak kowòdonatè komite pakè mezi yo ak reprezantan sosyete sivil deziye a pou swiv pwopozisyon ak rekòmandasyon yo.

5. Òganize sesyon enfòmasyon chak trimès kote komite chak pakè mezi ap bay dènye nouvèl sou angajman gouvènman yo epi kote sosyete sivil la pataje pwopozisyon ak rekòmandasyon li yo.

- o Pataje ajanda sesyon enfòmasyon sa yo davans epi pèmèt OSC yo pwopoze sijè pou ajanda a.
- o Kreye yon kanal pou OSC yo prezante pwopozisyon ekri yo sou politik piblik ak ekspètiz teknik bay komite pakè mezi yo ant chak sesyon enfòmasyon.

### KÒDINASYON NAN NIVO NASYONAL

6. Òganize yon reyinyon rejyonal ant kowòdonatè espesyal Deklarasyon Los Angeles yo ak sosyete sivil la pou rive oktòb 2024, pou devlope yon plan travay ansanm pou ranfòse kowòdinasyon nan nivo nasyonal sosyete sivil la nan aplikasyon Deklarasyon Los Angeles.

7. Apresa, kowòdonatè espesyal chak peyi dwe rankontre chak trimès ak OSC lokal ak nasyonal pou enfòmè yo sou pwogrè yo epi konnen enkyetid yo ak pwopozisyon yo.

8. Envite OSC yo kòm obsèvatè nan reyinyon ant kowòdonatè espesyal yo, enkli OSC nasyonal lè reyinyon yo fèt nan diferan peyi òrganizatè yo.

## SUIVI, ÉVALUATION ET ACCÈS À L'INFORMATION

9. Kreye yon mekanis fòmèl pou swiv pwogrè Deklarasyon Los Ángeles la padan wap sèvi ak endikatè kalitatif ak kantitatif. Sosyete sivil la ka bay konsepsyon teknik pou kreye endikatè ak devlope matris pou swiv pou itilizasyon gouvènman yo.

10. Angajman yo ak plan yo dwe elabore nan konsiltasyon ak patisipasyon, ak pwosesis evalyasyon ak rann kont transparan.

11. Pibliye ak distribye enfòmasyon sou angajman yo nan lang lokal yo (Panyòl, Angle, Pòtigè, Franse, Kreyòl Ayisyen ak lòt lang komen nan rejyon an) pou pèmèt patisipasyon efikas OSC yo, swiv pwogrè yo epi kominike klèman ak òganizasyon lokal ak migran yo.

- Kenbe sit entènèt Deklarasyon Los Ángeles la ajou epi ankouraje itilizasyon li.
- Kreye ak mete ajou regilyèman yon sistèm swivi piblik sou sit entènèt Deklarasyon Los Ángeles la ak angajman gouvènman yo ak pwogrè endikatè yo.
- Asire gouvènman ki siyen yo distribye angajman yo alekri nan nivo nasyonal atravè kowòdonatè espesyal yo pou ogmante angajman sosyete sivil la nan pwosesis la epi ankouraje yon dyalòg enklizif sou angajman yo.

## ARTIKILASYON AK LOT PWOSÈS

12. Asire kowòdinasyon ant Deklarasyon Los Ángeles la ak lòt mekanis rejyonal ak entènasyonal.<sup>1</sup> Sa enpòtan anpil pou fè pwomosyon and chanje lide sou bon Pratik ak leson yo, ak politik ak apwòch ki te deja devlope. Sa ap evite doublon efò ak pèmèt gouvènman yo pwofite inisyativ ki egziste deja yo.

- Envite OSC ki te patisipe nan lòt mekanis rejyonal yo pou asire kontinwite. Eksperyans OSC sa yo bon pou kontribye nan politik ak pwogram yo.

---

(1) Mekanis rejyonal yo genyen Konferans Sid-Ameriken sou Migrasyon (CSM), Konferans Rejyonal sou Migrasyon (CRM), Rezo Rejyonal Nasyon Zini sou Migrasyon, Pwosesis Quito, MIRPS, Cartagena +40, Mercosur ak CARICOM.